

## Mèsi Desalin

Felix Morisseau LEROY

Mèsi, Desalin

Papa Desalin, mèsi

Chak fwa m santi sa m ye

M di mèsi, Desalin

Chak fwa m tande yon nèg koloni

Nèg ki poko lib pale

M di: Desalin, mèsi

Se mwen k konnen sa ou ye pou

mwen

Mèsi, papa Desalin

Si m yon nonm

Se pou m di: mèsi, Desalin

Men m ouvè je m gade

Se gras a ou, Desalin

Si m leve tèt mwen pou m mache

Se gras a ou, Desalin

Chak fwa m gade lòt nèg

M di : mèsi, Desalin

Le m wè sa k ap pase lòt kote

M di : mèsi, Desalin

Le m tande blan yo pale

M di : papa Desalin, mèsi


Lè m tande kèk nèg parèy mwen  
pale

M di : mèsi, papa Desalin

Se mwen k konnen sa ou ye pou  
mwen

Towo Desalin

Desalin, san mwen



Michèle MANUEL, *Bidonville*

Desalin, de grenn je m

Desalin, zantray mwen

Se mwen k konnen

Se pou tout nèg di :

Mèsi, Desalin

Se ou k montre nou chimen nou

Mèsi Desalin

Se ou k limyè nou

Desalin

Se ou ki ban n tè n ap pile a

Syèl ki sou tèt nou an

Pye bwa, la rivyè

Lan mè, letan, se ou

Desalin, se ou k ban n solèy

Ki ban n lalin

Ou ki ban n sè, frè n

Manman, papa n, pitit nou

Se ou ki fèn yon jan, yon mannyè

Nou pa kou tout nèg

Si m gade tout moun nan je

Se ou k ap gade yo, Desalin

Se ou ki ban n dlo pou n bwè

Ou ki ban n manje pou n manje

Mèsi, papa Desalin.

Epi, se ou ki ban n kay pou n rete

Ou ki ban n kote pou n fè jaden

Se ou k montren chante

Ou k montren di: non

Yo di gen nèg ki di: wi, wi.

Gennègki di: yès sè

Ou montre n di: non

Desalin, montre tout nèg

Tout nèg sou latè di : non

Mèsi, papa Desalin

Gen nèg ki vle esplikè :

« Tan jodi pa tan pase

E ke wi alèkile

La fraternité humaine

L'humanité, la civilisation »

Tou sa, se franse

Mwenmenm, se Desalin m konnen

M di : mèsi, papa m

Se ou k fèm

Manmanm se pitit ou

Ti gason, ti fi, se pitit ou tou

Mèsi, Desalin

Pitit pitit mwen, se pitit ou

Wa Desalin, mèsi

M pa bezwen pale pou drapo a !

Pa bezwen pale pou Lakayè

Pou Gonayiv !

Yo di sa deja

E ki moun k ap tande sa ankò?

Mès rekwiye 17 Oktob ?

Ki moun ki pral Katedral ?

DiskouMinis ?

Kimoun k ap koute sa ?

Men, sa m di la a

Se yon sèl mo : mèsi

Mèsi Desalin papa m

Gen moun ki pa konnen

Fo m di yo

San ou noupa ta la a

Mèsi, papa Desalin

Epi, fini ak Patè Nostè w la a

Monseyè, Desalin pa mouri

Ase pale franse, minis

Desalin pap janm mouri

Desalin la

Nèg sa a ta kapab mouri !

Desalin nan kè m

Lam o pye

Desalin ap veye

Yon jou, Desalin va leve

Jou sa a, nou tout n a konnen

N a konnen si 1804

N a konnen si Lakayè

N a konnen si Lakrètapyewo

N a konnen si Vètyè

Desalin te fètou sa

Pou ti nèg ekri powèm

Pou minis fè diskou

Pou pè chante Te Deyòm

Pou Monseyè bay labsout

Desalin pa bezwen labsout

Tou sa Desalin fè bon

Yon jou Desalin va leve

Wa tande nan tout lan mè Karayib

Y ape rele kotel

Desalin pran lèzam

Arete l

Lè a, w a tande vwa l kon loray

Tout nèg ou petèt boule kay

W a tande nan tout Lamerik

Y ape rele : rete l

Vwa Desalin deja nan radyo

Koupe tèt boule kay

Nan tout Harlem, Desalin ap mete

lòd

Wa tande : bare Desalin

Jouk « Dakar »

Jouk « Johannesburg »

W atande: kote Desalin pase ?

Koupe tèt boule kay

Desalin pa bezwen labsout

Pa bezwen padon Bondye

Okontrè : Desalin se braBondye

Desalin, se jistis Bondye

Pa bezwen Patè Nostè Monseyè

Ni eskiz nèg yo vle mande blan a yo

Desalin pa bezwen

Pou tou sa l fè m di: papa Desalin, mèsi

Pou tou sa l pral fè

M di : mèsi, papa Desalin.

## OEA

Si ou wè yon bouzen yo rele OEA  
Kouri pitit mwen

Yon bouzen yo rele OEA an franse  
OAS an angle bouche nenw

Kouri pitit mwen  
Odèl se kont pou pwazonnen  
Lespri pititpitit ou

Si ou wè yon manman kannay yo  
rele OEA  
Mande pye sa m te manje

Si yo nonmen non OEA douvan w  
Pa rete koute pase sa  
Grennen san gade dèyè

Si ou wè yon restavèk yon tyoul yo  
rele OEA  
Pa rete tande sa li vle  
Bwaze kraze rak rele anmwe.

*Dyakout, 1983*